


# Tranzisyon



**Yon ti liv pou ede timoun ak fanmi yo  
fè tranzisyon pou soti nan Early Steps  
epi antre nan lòt pwogram kominotè  
lè yo gen twazan**

Piblikasyon sa a se Sant Resous Enfòmasyon (BRIC) nan Biwo Edikasyon ak Sèvis Etidyan Eksepsyonèl (BEESS), Divizyon Lekòl Piblik, Depatman Edikasyon Florida (FDOE) ki pwodwi li, epi li disponib sou entènèt nan <http://www.fl DOE.org/ese/pub-home.asp>. Pou enfòmasyon sou resous ki disponib, kontakte BRIC.

Sit Entènèt BRIC: <http://www.fl DOE.org/ese/clerhome.asp>

Sit Entènèt BEESS: <http://www.fl DOE.org/ese/>

Imèl: [BRIC@fl DOE.org](mailto:BRIC@fl DOE.org)

Telefòn: 850-245-0475

Faks: 850-245-0953



Gras a asistans federal sou Lwa Sou Edikasyon Moun ak Andikap la (IDEA), Pati B yo te resevwa, FDOE, BEESS te finanse Pwojè Tranzisyon Florida a ak Sistèm Asistans Teknik ak Fòmasyon (TATS) pou devlopman piblikasyon sa a.

## **Sa ki Anndan**

Objektif.....	1
Kesyon ak Repons.....	2
Pwogram ki Kapab Disponib Nan Kominote w la.....	9
Resous.....	15
Lis Verifikasiyon Tranzisyon Pou Fanmi.....	16
Sa Sig Yo Siyifi.....	17
Sit Entènèt.....	18
Ti Konsèy Pou Ede w Ak Tranzisyon An.....	21
Liv Pou w li Bay Ptit ou .....	22
Non ak Nimewo Enpòtan.....	23
Nòt.....	23




## Objektif

Trezon nou kreye ti liv sa a se pou ede fanmi ki gen timoun piti ak andikap oswa bezwen espesyal soti nan yon ajans oswa pwogram pou antre nan yon lòt. Lè pitit la ap soti nan yon pwogram pou antre nan yon lòt sa rele yon tranzisyon.

Souvan fanmi ak ajans ou pwogram k ap travay ak fanmi yo mande pèsonèl Pwojè Tranzisyon Florida a yon ti liv ki ka bay yon ide sou sa ki pase lè yon timoun vin gen twazan epi l ap kite Early Steps pou patisipe nan lòt pwogram kominotè.

Ti liv sa a gen kesyon fanmi yo konn mande sou tranzisyon an ladan. An plis, li gen eksplikasyon sou plizyè nan pwogram eta a ki ka disponib nan kominote pa w la.


Vizite sit entènèt Pwojè Tranzisyon Florida a sou  
<http://www.floridatransitionproject.ucf.edu/> pou telechaje yon kopi ti liv sa a ak lòt resous nou genyen pou ou.



## Kesyon ak Repons

**K:** Poukisa pitit mwen an oblige kite Early Steps (tranzisyon) avan li fete twazyèm anivèsè li?

**R:** Selon lwa federal - IDEA 2004, Pati C— apre pitit ou a gen 36 mwa, li pa kalifye pou Early Steps ankò. Pitit ou a gendwa kalifye pou menm sèvis li te resevwa nan pwogram Early Steps yo nan distri lekòl la paske egzijans pou li kalifye yo diferan; men, w ap fè pati ekip k ap pran desizyon pou pitit ou a. Pitit ou a kapab kalifye pou yon Pwogram Prematènèl pou timoun ak Andikap sou IDEA, Pati B, oswa pou lòt sèvis ansèyman nan kominate w la.



**K:** Ki etap pou mwen swiv nan demach tranzisyon an?

**R:** Enfòmasyon sa yo ki pi ba a pral ede w planifie tranzisyon pitit ou a.

- Kòdonatè sèvis ou a ap diskite tranzisyon ak ou pandan tout peryòd pitit ou ap resevwa sèvis nan pwogram Early Steps la.
- Nan pi piti pase 90 jou pou pitit ou a fete twazyèm anivèsè li, Early Steps dwe kontakte Depatman Edikasyon ak Pwogram Prematènèl Pou Timoun ak Andikap distri lekòl la pou fè yo konnen gen possiblite pou pitit ou a kalifye pou sèvis yo. Enfòmasyon sa a ap ede distri lekòl la planifie sèvis pou pitit ou a; men, w ap gen chwa pou pa bay otorizasyon pou voye enfòmasyon sa yo lè lè a rive pou sa.
- Early Steps dwe fè yon konferans tranzisyon avan pitit ou a gen dezan ak nèf mwa si gen possiblite pou pitit ou a kalifye pou sèvis distri lekòl la. Early Steps ap fè tout efò ki rezonab pou fè yon konferans tranzisyon si gen possiblite pou pitit ou a pa kalifye pou sèvis distri lekòl.

**K:** **Ki wòl yon fanmi ka jwe nan demach pou fè tranzisyon an?**



**R:** Fanmi yo kapab:

- Patisipe nan rankont ki pwogramme
- Deside sou sa ou vle pou ptit ou an epi pataje sa ak moun yo nan rankont la
- Mennen ptit ou nan randevou pou egzamen zye ak zòrèy, evalyasyon sou jan la p grandi ak egzamen fizik
- Bay dokiman ki nesesè pou enskripsyon, tankou prèv kote w rete, batistè, dokiman vaksen ak dokiman egzamen fizik yo te fè
- Bay pèmisyon/konsantman ekri pou ajans oswa pwogram yo pataje enfòmasyon ant yo menm
- Vizite pwogram kominotè ki enterese w pou ptit ou a

**K:** **Kisa mwen ka fè pou demach pou fè tranzisyon an ka mache byen pou ptit mwen an?**

**R:** Ou ka poze kesyon tankou:

- Ki sa nou pral gen pou fè aprè nan demach yo?
- Ki moun ki pral kontakte mwen apre konferans tranzisyon an?
- An plis, ou ka kontakte kòdonatè sèvis ou a oswa biwo lokal Early Steps la si yo pa fè yon bagay lè nan peryòd li sipoze fèt la.



**K:** **Ki moun ki patisipe nan konferans tranzisyon an?**

**R:** Ou menm ak kòdonatè sèvis ou an oblige patisipe nan konferans tranzisyon an. Kòdonatè sèvis la oblige envite reprezantan distri lekòl la nan konferans la, ak otorizasyon ou, si gen posiblite pou pitit ou a kalifye pou Pwogram Prematènèl Pou Timoun ak Andikap la. Ak otorizasyon ou, nou ka envite lòt patisipan tankou reprezantan kote y ap bay pitit ou a sèvis nan moman an. Ou ka mande kòdonatè sèvis ou a pou envite reprezantan ajans oswa pwogram sa yo tou:

- Kote ki ofri sèvis Early Steps yo
- Head Start
- Gadri kominate a
- Children's Medical Services (Sèvis Medikal Pou Timoun)
- Ajans Pou Moun ak Andikap
- Sistèm Resous Dyagnostik ak Edikasyon Florida (FDLRS)
- Lòt moun oswa reprezantan ajans fanmi w chwazi (pa egzanp: Swen Pedyatrik Preskri Pwolonje [PPEC])



**K:** **Sa k ap pase apre konferans tranzisyon an?**

**R:** Pandan konferans tranzisyon an, kòdonatè sèvis Early Steps la ap dirije yon diskisyon sou:

- Sèvis ki disponib nan distri lekòl lokal la



- Kijan ak kilè y ap fè evalyasyon ak deside si li kalifye
- Lòt ajans ak kote nan kominate a ki ofri sèvis ki ka asiste ptit ou ak fanmi a
- Enfòmasyon sou ptit/fanmi a ki egziste deja
- Enkyetid fanmi an genyen sou tranzisyon an
- Estrateji pou jere enkyetid ki idantifye yo
- Aktivite ki gen pou fèt avan ptit ou a ka ale nan yon nouvo anviwònman
- Moun yo ki responsab pou fè aktivite ki idantifye nan IFSP ekri a
- Lis ak lè pou chak aktivite fin fèt
- Bezwèn pou pwogramme vizit nan sit pwogram yo



**K:** **Sa k ap pase apre konferans tranzisyon an?**

**R:** Moun non yo nan lis la ki gen pou fè aktivite yo dwe ekri nan plan tranzisyon an. Pa egzanp, kòdonatè sèvis la ka pwogramme yon vizit pou fanmi w nan yon pwogram oswa lekòl.

**K:** **Ki sa ki kèk kesyon mwen dwe poze pandan ptit mwen ap fè tranzisyon an?**

**R:** Kou w konnen pou ki pwogram ptit ou a kalifye, ou ka vle poze kesyon tankou sa yo:

- Ki kalite fòm oswa lòt papye m ap bezwen ranpli?
- Ki kalite plan edikasyon y ap ekri pou ptit mwen an?


- Si ptit mwen an kalifye pou nenpòt pwogram, èske ptit mwen an ak mwen menm ap jwenn yon okazyon pou vizite saldeklas, pwogram oswa lekòl la?
- Konbyen pwofesè ak asistan k ap nan saldeklas la?
- Konbyen timoun k ap nan saldeklas la?
- Èske ptit mwen ap nan menm klas ak timoun ki pa gen andikap yo?
- Konbyen tan l ap pase lekòl oswa nan klas li, epi ki aktivite yo fè chak jou nan pwogram nan?
- Nan ki fason y ap fè akomodasyon (tankou ba li manje espesyal) pou ede ptit mwen an aprann?
- Ki kalite konpetans ptit mwen ap bezwen genyen pou li ka patisipe?



**K:** **Ki diferan pwogram m ap ka chwazi pou ptit mwen an apre twazyèm anivèsè li?**

**R:** Ou gendwa jwenn diferan pwogram nan kominote w la pou satisfè bezwen ptit ou yo tankou:

- Gadri/lekòl preskolè piblik oswa prive oswa diferan anviwònman pou prepare li pou lekòl
- Fanmi ki ofri gadri lakay yo



- Yon Pwogram Prematènèl Pou Timoun ak Andikap nan distri lekòl la
- Lòt pwogram ki disponib nan kominate w la




Pwogram sa yo kapab gen ladan yo nouvo regleman, pwosedì ak règ pou pitit ou a ansanm ak fanmi w. Epi tou yo ka gen diferans nan kalifikasyon. Pa egzanp, pitit ou a kapab kalifye pou menm sèvis yo nan distri lekòl la li te konn resevwa nan pwogram Early Steps la paske gen diferans nan sa yo egzije pou kalifye oswa fason pou bay timoun edikasyon espesyalize ak sèvis ki lye ak li.

An plis, pèsònèl, orè ak sa yo atann nan men ou menm ak pitit ou a kapab diferan. Lè w chèche konnen diferans sa yo davans epi ou poze kesyon sou jan sa ka afekte pitit ou a ak fanmi ou sa ap ede ou menm ak pitit ou a nan fè yon tranzisyon ki mwens konplike.

**K:** **Kijan demach ki fèt pou Timoun ak Andikap ka jwenn sèvis nan Pwogram Prematènèl distri lekòl la?**

**R:** Men etap distri lekòl la swiv:


- Y ap evalye pitit ou a pou deside si li kalifye ou pa.
- Y ap envite w nan yon rankont pou analize enfòmasyon nan evalyasyon an.



- Pou timoun ki kalifye, y ap ekri yon plan edikasyon endividyèl (IEP) epi yo dwe mete li an aplikasyon avan twazyèm anivèsè pitit ou a. Yo dwe envite w nan rankont IEP a, epi ou ka mande pou distri lekòl la envite lòt moun, tankou kòdonatè sèvis Early Steps la, yon reprezantan nan pwogram kote pitit ou a t ap resevwa sèvis la oswa nenpòt lòt moun ou ta renmen patisipe.
- Sèvis yo ap kòmanse jan li ekri nan IEP a.

**K:** **Kijan pou m fè pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ki disponib nan kominate m nan pou timoun ak andikap ak sa ki gen bezwen espesyalize pou sante yo?**

**R:** Kowòdonatè sèvis oswa espesyalis resous familyal ou kapab ede ou ak resous ki gen kounye a, pwogram ak enfòmasyon ki disponib.



# Pwogram ki Kapab Disponib Nan Kominote w la

Pwogram nou detaye nan paj ki vini apre yo ka disponib pou bay sèvis nan kominote w la lè pitit ou a vin gen twazan.

## Ajans Pou Moun ak Andikap (APD)

Ajans Pou Moun ak Andikap la ede moun ki gen andikap devlopmantal ak fanmi oswa gad legal yo. Andikap devlopmantal se yon mo jeneral ki reprezante differan kondisyon ki ka deranje kapasite yon moun pou fonksyone nan aktivite li gen pou fè chak jou. Andikap devlopmantal gen ladan espina bifida, otism, paraliz serebral, sendwòm Down, sendwòm Prader-Willi ak reta mantal. An plis, APD travay ak timoun ki gen kat ak senk an epi ki gen gwo risk andikap devlopmantal.



APD administre egzanpsyon pou Sèvis Andikap Developmantal Nan Kay ak Kominote (DD/HCBS), egzanpsyon pou Vi Familyal ak Asistans (FSL) ak pwogram Care Plus Konsomatè Dirije (CDC+) a. Sèvis nan pwogram sa yo pral depann sou finansman ki disponib epi kapab genyen pwodwi medikal pou konsome ak repo pou moun k ap bay swen yo. Pou plis enfòmasyon, fanmi yo dwe kontakte biwo lokal APD ki nan zòn yo a.

<http://apd.myflorida.com/>

## Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

### Biwo Pwogram Sèvis Gadri

Biwo sa a responsab pou jere lisans ak fòmasyon pou gadri nan tout eta a. Pwogram sa a garanti yo okipe timoun yo byen nan yon anviwònman ki pwoteje sekirite ak sante yo. Epi tou li mande pou se yon anviwònman pozitif kote timoun yo ka aprann nan mwen pèsonèl gadri ki fòme ak kalifye pou sa. Nan moman sa a, pwogram nan reglemente gadri ki gen lisans, fanmi ki gen lisans pou gade

timoun lakay yo, ak gran fanmi ki gen lisans pou gade timoun lakay yo. An plis, Pwogram Sèvis Gadri a administre regilasyon fanmi ki gen gadri lakay yo men ki pa oblige gen lisans pou sa.

<http://www.myflfamilies.com/>

## **Depatman Edikasyon (DOE)**

### ***Divizyon Sèvis Pou Moun Avèg, Pwogram Bebe Avèg ak Pwogram Timoun ak Fanmi***

#### **Pwogram Bebe Avèg**

Pwogram Bebe Avèg la ankouraje montre timoun yo aprann jan pou viv depi yo piti epi li souliye sou jan pou devlope ak itilize pati ki fonksyone nan vizyon yo oswa itilize tout lòt sans yo pou minimize reta devlopmantal. Pwogram nan la pou ede timoun ki gen pwoblèm pou wè pwogrese nan etap nòmal devlopman yo. Yo ofri sèvis entèvansyon pou timoun piti nan Pwogram Bebe Avèg la. Pwogram sa a se yon òganizasyon reabilitasyon kominote karikativ k ap bay sèvis yo tout tan li posib, ak kontra Sibvansyon Bebe Avèg la finanse.

#### **Pwogram Timoun ak Fanmi**

Pwogram sa a ofri sèvis pou timoun depi nesans jiska 21 ane yo detekte avèg nan tou de zye yo epi sa pral afekte kapasite timoun nan pou aprann oswa fonksyone poukонт li lakay la oswa nan lekòl. Yon bon rezulta pèmèt timoun yo fè yon tranzisyon soti nan pwogram preskolè pou ale lekòl oswa nan lòt pwogram kominotè apwopriye.

#### **Pwogram Prematènèl Pou Timoun ak Andikap**


Ansèyman ak sèvis lye ki fèt espesyalman pou timoun nan prematènèl, laj twazan jiska senk ane, ak andikap fè pati pwogram edikasyon etidyan eksepsyonal yo ofri nan distri lekòl lokal Florida yo. Kou yo detèmine pitit ou a kalifye, yo dwe devlope yon IEP epi mete li an aplikasyon.



Si pitit la ap fè yon tranzisyon pou sòti nan Early Steps, IEP a dwe ekri epi mete an aplikasyon avan twazyèm anivèsè pitit ou a.

<http://www.fl DOE.org/>

### **Biwo Pou Ansèyman Timoun Piti (OEL)**



Biwo Pou Ansèyman Timoun Piti a responsab pou administre Rezo Resous ak Rekòmandasyon Pou Gadri a (CCR&R), Preparasyon Pou Lekòl (ki rele pafwa asistans gadri) ak Pwogram Edikasyon Prematènèl Volontè (VPK). OEL dedye li pou garanti sèvis ansèyman timoun piti aksesib, pa twò chè epi gen bon kalite pou timoun ak fanmi yo nan Florida.

<http://www.floridaearlylearning.com/>

### *Rezo Resous ak Rekòmandasyon Pou Gadri*

Rezo CCR&R eta a dedye li pou ede fanmi konnen jan pou idantifye gadri ak pwogram ansèyman pou timoun piti ki gen bon kalite ak jan pou jwenn yon kote ki sa satisfè bezwen chak fanmi. Espesyalis lokal CCR&R yo ka bay rekòmandasyon pou gadri ak lòt kote ki ofri sèvis nan kominote w la ki ka satisfè bezwen fanmi w. Rezo CCR&R la ka ba w enfòmasyon sou pwogram ansèyman pou timoun piti yo finanse nan nivo eta ak federal tankou School Readiness (Preparasyon Pou Lekòl), Early Head Start (Pran Devan Bonè), Head Start (Pran Devan) and Even Start (Pran Devan Egal Ego). Epi tou CCR&R ka ba ou opsyon asistans finansyè ak resous kominotè kreyatif ki sa soulaje chay ou genyen ak depans.

### *Pwogram Preparasyon Pou Lekòl la*

Pwogram Preparasyon Pou Lekòl la ofri paran ki kalifye asistans finansyè pou gadri a travè diferan sèvis. Sèvis gadri yo gen ladan yo swen pou plis tan pandan jounen an, pandan ane an, ak swen pou timoun ki lekòl pou ede paran yo travay pou yo ka endependan.

Pwogram Preparasyon Pou Lekòl la konsidere nivo devlopman fizik, sosyal, emosyonèl ak entèlektyèl pitit ou a; fè paran yo patisipe kòm premye pwofesè pitit yo; prepare timoun yo pou yo ka ale lekòl; epi bay paran yo enfòmasyon sou devlopman timoun ak lòt sijè ki


enterese yo. Pwogram Preparasyon Pou Lekòl la peye pifò nan depans gadri pou fanmi a, epi li ofri asistans finansyè pou fanmi ki kalifye si:

- Fanmi w ap patisipe nan pwogram tranzisyon asistans sosyal la
- Ou se yon migran k ap travay nan jaden ki gen timoun
- Ou se yon adolesan ki gen timoun
- Fanmi ou resevwa sèvis Biwo Pwogram Sekirite Fanmi (Family Safety Program Office) DCF la
- Timoun ou yo bezwen ale nan yon gadri pou minimize risk pou plis abi, neglijans oswa abandon.
- Ou gen timoun ak andikap oswa bezwen espesyal
- Ou gen katran oswa pi piti ki gen risk pou pa pase klas yo lè yo ale lekòl epi yo ap resevwa sèvis lakay yo nan pwogram vizit ak pwogram edikasyon paran entansif
- Lajan fanmi a fè pa depase 150 poustan nòm pòvrete federal la

### *Pwogram Edikasyon VPK*

Pwogram Edikasyon VPK a te kreye nou prepare timoun katran pou klas matènèl epi mete bonjan fondasyon pou yo ka reyisi nan lekòl. VPK gratis pou tout timoun katran ki fêt lye septanm oswa avan sa chak ane. Nòm pou kalite pwogram VPK a gen ladan:

- Pwofesè ki kalifye
- Anpil konsantrasyon sou alfabetizasyon depi yo piti
- Kourikoulòm ki apwopriye pou laj timoun nan
- Yon kantite timoun nan klas la yo ka jere



Se yon priyorite pou bay paran yo plizyè chwa, pou kote ki ofri ni sèvis prive ak publik yo ka patisipe. Kote ki ofri sèvis pou VPK yo ka etabli pwòp orè yo pou ofri kantite èdtan yo oblige bay pou nenpòt nan pwogram sa yo:

- Pwogram Ane Eskolè —540 èdtan ansèyman: klas ak 20 oswa pi piti Etidyan; pwofesè yo dwe gen omwen yon Diplòm Dezan Sou Devlopman Timoun (ki rele kounye a Kredi Pwofesyonèl Swen Timoun Nesans a Senk an[Birth to Five Florida Child Care Professional Credential])
- Pwogram Ete—300 èdtan ansèyman; klas ak 12 oswa pi piti Etidyan; pwofesè yo dwe gen yon lisans (bachelor's degree) nan yon domèn an patikilye
- Sèvis Enstriksyon Espesyalize (SIS)—Yon pwogram VPK ki pa tradisyonèl pou timoun ak andikap ki gen yon IEP. Sèvis SIS yo se kote ki ofri sèvis Depatman Edikasyon Florida otorize epi nan plizyè ka se pa nan saldeklas yo ofri sèvis yo.



<http://www.floridaearlylearning.com/vpk.aspx>

## Early Head Start/Head Start

Head Start se yon gwoup pwogram devlopman timoun ki resevwa finansman federal pou timoun ki nan laj yo oblige ale lekòl oswa pi piti. Early Head Start ofri sèvis pou fanm ansent ak timoun ki gen twazan oswa pi piti; Head Start ofri sèvis pou timoun twazan jiska senk an; Head Start Pou Travayè Migran ak Sezonye ofri sèvis pou timoun kòmanse sou sis semèn jiskaske yo gen laj pou ale lekòl.

Nan fanmi k ap patisipe yo, 90 poustan nan yo dwe gen yon revni ki nan nòm pòvrete nasyonal la oswa pi ba. Epi tou yo egzije Head Start pou enskri omwen 10 poustan timoun ak andikap nan pwogram li an. Sèvis konplè yo ofri pou tout timoun k ap patisipe nan pwogram Head Start la gen ladan:

- Bon kalite edikasyon pou timoun piti kote tout timoun patisipe
- Sèvis lasante— ak swen medikal, swen pou dan ak sante mantal ladan — ak konsèy sou nitrisyon.
- Sèvis familyal ak aktivite pou enplike paran yo

<http://www.floridaheadstart.org/>

## **Sistèm Resous Dyagnostik ak Edikasyon Florida (FDLRS)**

Gen diznèf sant FDLRS nan tout eta a ki bay evalyasyon gratis pou timoun ki kapab gen ti reta devlopmantal parapò ak lòt timoun laj yo nan mache, pale, tandem, wè, konprann ak konpòtman. FDLRS ka ede bay evalyasyon pou timoun ki prèske gen twazan, k ap kite Early Steps epi ki ka antre nan pwogram sistèm lekòl pou timoun ak andikap.

<http://www.fdlrs.org/>

## **Florida Medicaid**

Florida Medicaid se pwogram asistans medikal ki rann li posib pou fanmi ak moun k ap fè yon ti kras lajan jwenn swen sante. Timoun yo ka kalifye pou pwogram tankou Konsiltasyon Sante Timoun, ki gen ladan yon egzamen fizik, vaksen (piki), egzamen zye ak zòrèy ak lòt tès ak sèvis.

*Florida Kidcare*

Kidcare se yon pwogram asirans sante pou timoun 19 an oswa pi piti ki satisfè egzijans revni ak kalifikasyon yo. Timoun yo ka enskri nan Medikids, Healthy Kids ou Children's Medical Services Network si yo pa gen Medicaid.

<https://www.floridakidcare.org/>

## **Lekòl Florida Pou Soud ak Avèg (FSDB) / Pwogram Paran Tibebe - Soud/Tande Di**

FSDB ofri yon pwogram nan tout eta a pou fanmi nan Florida ki gen timoun depi yo fêt jiska 5 ane ki gen yon pwoblèm pou tandem oswa pou wè nan tou de zye yo, ak sèvis yo bay fanmi a nan yon anviwonan natirèl ak woutin yo fè chak jou. Li konsantre sou devlopman langaj, opsyon pou komunikasyon, konprann aparèy pou ede tandem, enplantasyon kochleyè, alfabetizasyon, devlopman timoun, ak tranzisyon nan yon sistèm lekòl.

<http://www.fsdb.k12.fl.us/>

## **Resous**

### **Sistèm Asistans Familyal**

Timoun ak fanmi ou moun k ap okipe yo gen plizyè opsyon pou resevwa asistans ant paran ak paran pandan demach pou fè tranzisyon an. Lis ki pi ba a se kèk asistans pou fanmi yo:


#### *Espesyalis Resous Familyal (FRS)*

FRS yo se moun k ap travay nan biwo lokal Early Steps yo pou ede fanmi nan tout domèn entèvansyon pou timoun piti, tankou tranzisyon.

[http://www.floridahealth.gov/alternatesites/cms-kids/early\\_steps\\_directory/](http://www.floridahealth.gov/alternatesites/cms-kids/early_steps_directory/)

#### *Rezo Sipò Lokal*


Sant Pou Otism ak Andikap Lye (CARD), Sant Pou Paran Nan Florida Santral, Rezo Familyal Sou Andikap (FND), Paran Pou Paran nan Miyami ak lòt rezo disponib pou bay asistans, soutyen ak enfòmasyon sou tranzisyon.



## Lis Verifikasiyon Tranzisyon Pou Fanmi

Vini nan rankont ou an ak kesyon ak enkyetid ou genyen epi pote bagay sa yo tou:

- Yon kopi batistè pitit ou a sètifye
- Yon kopi rapò sou nenpòt terapi/ devlopman evalyasyon, egzamen zye ak zòrèy elatriye...ki ajou
- Yon kopi plan asistans familyal endividyle ki ajou
- Fòm egzamen fizik pitit ou a, ak fòm pou vaksen ladan, ki pa gen plis pase yon ane
- Bil pou sèvis publik tankou kouran ki pi resan, kòm prèv rezidans ou
- Non, adrès ak nimewo telefòn moun pou kontakte si gen yon ijans
- Pèmisyon/konsantman ekri ak tou siyen pou ajans yo pa pataje enfòmasyon ant yo mwen
- Non, adrès ak nimewo telefòn doktè ak dantis pitit ou a




## Sa Sig Yo Siyifi

<b>ADA</b>	Lwa Pou Ameriken Ak Andikap
<b>AHCA</b>	Ajans Pou Administrasyon Swen Sante
<b>APD</b>	Lwa Pou Ameriken Ak Andikap
<b>ASD</b>	Maladi Otistik Yo
<b>AWI</b>	Ajans Pou Inovasyon Mendèv
<b>BEESS</b>	Biwo Pou Edikasyon & Sèvis Etidyan Eksepsyonèl
<b>CARD</b>	Sant Pou Otis ak Andikap Lye
<b>CMS</b>	Sèvis Medikal Pou Timoun
<b>DBS</b>	Divizyon Sèvis Pou Moun Avèg
<b>DCF</b>	Depatman Timoun ak Fanmi
<b>DD</b>	Reta Devlopmantal
<b>DOE</b>	Depatman Edikasyon
<b>DOH</b>	Depatman Lasante
<b>ES</b>	Early Steps (Premye Pa)
<b>ESE</b>	Edikasyon Etidyan Eksepsyonèl
<b>FAPE</b>	Edikasyon Biblik Gratis Epi Apwopriye
<b>FCC</b>	Konsèy Pou Swen Lafanmi
<b>FDLRS</b>	Sistèm Resous Dyagnostik ak Edikasyon Florida
<b>FICCIT</b>	Konsèy Kòdinasyon Ant Ajans Pou Bebe ak Timoun Piti Nan Florida
<b>FND</b>	Rezo Familyal Sou Andikap
<b>FRS</b>	Espesyalis Resous Familyal
<b>FSDB</b>	Lekòl Florida Pou Avèg ak Soud
<b>IDEA</b>	Lwa Sou Edikasyon Moun Andikape
<b>IEP</b>	Plan Edikasyon Endividiyèl
<b>IFSP</b>	Plan Asistans Familyal Endividiyèl
<b>LEA</b>	Ajans Edikasyon Lokal
<b>LRE</b>	Anviwònman Ak Mwens Restriksyon
<b>NAEYC</b>	Asosyasyon Nasyonal Pou Edikasyon Jenn Timoun
<b>NECTAC</b>	Sant Nasyonal Asistans Teknik Nan Zafè Timoun Piti ki rele kounye a Sant Asistans Teknik Nan Zafè Timoun Piti (ECTA)
<b>NICHCY</b>	Sant Enfòmasyon Nasyonal Pou Timoun ak Andikap



<b>OEL</b>	Biwo Edikasyon Timoun Piti
<b>OSEP</b>	Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize (Depatman Edikasyon Ameriken)
<b>PPEC</b>	Swen Pedyatrik Preskri Pwolonje
<b>R&amp;R</b>	Resous ak Rekòmandasyon
<b>SC</b>	Kòdonatè Sèvis
<b>SSA</b>	Administrasyon Sekirite Sosyal
<b>SSI</b>	Revni Sekirite Siplemantè
<b>TANF</b>	Asistans Tanporè Pou Fanmi Nan Bezwèn
<b>VPK</b>	VPwogram Edikasyon Prematènèl Volontè
<b>VPK/SIS</b>	Sèvis Enstriksyon Espesyal VPK
<b>WIC</b>	Pwogram Nitrisyon Siplemantè Espesyal Pou Fanm, Tibebe ak Timoun



## Sit Entènèt

Ajans Pou Moun Ak Andikap  
<http://apd.myflorida.com/>

Lwa Pou Ameriken Ak Andikap  
<https://www.ada.gov/>

Biwo Pou Edikasyon & Sèvis Etidyan Eksepsyonèl  
<http://www.fl DOE.org/academics/exceptional-student-edu/index.html>

Sant Pou Otism ak Andikap Lye  
<http://florida-card.org>

Sant Pou Paran Nan Florida Santral  
<http://centralfloridaparentcenter.org/>

Konsèy Pou Timoun Eksepsyonèl, Divizyon Pou Timoun Piti

<http://www.dec-sped.org/>



Divizyon Sèvis Pou Moun Avèg  
<http://dbs.myflorida.com/>

Sant Asistans Teknik Pou Zafè Timoun Piti  
<http://ectacenter.org/>

Early Steps

[http://www.floridahealth.gov/alternatesites/cms-kids/early\\_steps\\_directory/](http://www.floridahealth.gov/alternatesites/cms-kids/early_steps_directory/)

Rezo Familyal Sou Andikap Nan Florida (Family Network on Disabilities of Florida, Inc.)

<http://fndusa.org/>

Depatman Timoun ak Granmoun Nan Florida

<http://www.myflfamilies.com/>

Depatman Edikasyon Florida

<http://www.fl DOE.org/>

Sistèm Resous Dyagnostik ak Edikasyon Nan Florida

<http://www.fdlrs.org/>

Florida's Head Start State Collaboration Office

<http://www.floridaheadstart.org/>

Florida Kidcare

<https://floridakidcare.org/>



Lekòl Florida Pou Soud ak Avèg  
<http://www.fsdb.k12.fl.us/>

Pwojè Tranzisyon Florida Pou Tibebe, Jenn Timoun ak Fanmi Yo

<http://www.floridatransitionproject.ucf.edu/>



Asosyasyon Nasjonal Pou Edikasyon Jenn Timoun  
<https://www.naeyc.org/>

Paran Pou Paran Nan Miyami (Parent to Parent of Miami)

<http://www.ptopmiami.org/>

Eta Florida

<http://www.myflorida.com/>

Sistèm Asistans Teknik ak Fòmasyon


<http://tats.ucf.edu/>

Pwogram Edikasyon Prematènèl Volontè

<http://www.floridaearlylearning.com/vpk.aspx>

Zewo a Twazan/Sant Nasyonal Pou Tibebe, Jenn Timoun ak Fanmi

<https://www.zerotothree.org/>




## Ti Konsèy Pou Ede w Ak Tranzisyon An

Ti konsèy yo ki pi ba a ka ede ou menm ak ptit ou prepare pou tranzisyon an:

- Ranpli yon feyè enfòmasyon sou ptit ou a, tankou “Aprann Konnen Mwen ak Fanmi Mwen” W ap jwenn li sou sitwèb <http://www.floridatransitionproject.ucf.edu/>.

Fòm sa a ka ede pèsonèl nan novo kote ptit ou a aprann tout sa yo bezwen konnen sou ptit ou a.

- Lè w ap pale ak ptit ou a ak lòt fanmi sou novo kote an di bagay ki pozitif.
- Kontakte pwofesè nan novo kote an epi fè aranjman pou rankontre pou diskite aktivite, orè, pwogram ki gen chak jou ak nenpòt bezwen medikal ptit ou a ka genyen pandan l ap patisiye nan pwogram nan.
- Poze kesyon sou bagay tankou si ptit ou a ap monte otobis lekòl la, patisipasyon li nan lakou rekreyasyon, kantite sèvis l ap resevwa, kijan l ap resevwa terapi ak règ sou lè pou li repoze.
- Si li posib, vizite novo kote an pou pale ak pwofesè a epi gade sal la.
- Pale ak ptit ou a sou bagay ki menm ak bagay ki diferan ant pwogram li deja ladan an ak novo pwogram nan.
- Fè ptit ou a patisiye nan aktivite gwoup tankou lè moun ap li nan bibliyotèk bò lakay ou a.



## **Liv Pou w li Bay Pitit ou**

Liv sa yo ki pi ba a swa sou timoun ki prale lekòl pou premye fwa oswa ap fè yon bagay pou premye fwa. Ou ka jwenn liv sa yo ak lòt liv nan bibliyotèk oswa libreri kominote w la.

- Bernard Goes to School (Bernard Ale Lekòl)*, pa Joan Elizabeth Goodman  
*Billy and the Big New School (Billy ak Gwo Lekòl la)*, pa Laurence Anholt  
*Busy at Day Care (Anpil Aktivite Nan Gadri)*, pa Patricia DeMuth  
*Emily's First Day of School (Premye Jou Emily Ale Lekòl)*, pa Fran Schiller  
*First Day Jitters (Kè Sote Premye Jou Lekòl)*, pa Julie Danneberg  
*Froggy Goes to School (Froggy Ale Lekòl)*, pa Jonathan London  
*Hello School (Bonjou Lekòl)*, pa Dee Lillegard  
*I'll Go To School If... (M Prale Lekòl Si...)*, pa Bo Flood  
*Little Cliff's First Day at School (Premye Jou Ti Cliff Ale Lekòl)*, pa Clifton L.Taulbert  
*Little Monster Goes to School (Ti Mons Ale Lekòl)*, pa Alison Inches  
*Moses Goes to School (Moses Ale Lekòl)*, pa Isaac Millman  
*Off to School, Baby Duck! (Al Lekòl,Ti Kana!)*, pa Amy Hest  
*Special People, Special Ways (Moun Espesyal, Fason Espesyal)*, pa Arlene Maguire  
*Susan Laughs (Susan Ap Ri)*, pa Jeanne Willis  
*Timothy Goes to School (Timothy Ale Lekòl)*, pa Rosemary Wells  
*Vera's First Day of School (Premye Jou Vera Ale Lekòl)*, pa Vera Rosenberry



## **Non ak Nimewo Enpòtan**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Nòt**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---


---

---

---

---

---





<http://www.floridatransitionproject.ucf.edu/>



Depatman Edikasyon la Florid  
Pam Stewart, Komisyonè  
Revize 2018  
313209